

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pangajaran basa Sunda mangrupa pangajaran muatan lokal anu kudu diajarkeun di wilayah provinsi Jawa Barat. Nurutkeun Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomer 69 Tahun 2013 Tentang Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Satuan Pendidikan Dasar dan Menengah, dina pasal 3 (tilu) ngajéntrékeun yén basa jeung sastra Daérah wajib diajarkeun dina sakabéh jenjang atikan dasar jeung menengah salaku muatan lokal. Ieu peraturan téh miboga tujuan pikeun ningkatkeun mutu dipakéna poténsi basa jeung sastra Daérah ngaliwatan pangajaran dina jenjang satuan atikan dasar jeung menengah di Jawa Barat.

Salah sahiji matéri anu kudu diajarkeun dina pangajaran muatan lokal basa jeung sastra Daérah di unggal jenjang satuan atikan dasar jeung menengah nya éta aksara Sunda. Dina matéri aksara Sunda, aya dua aspék kaparigelan basa anu kudu diajarkeun ka para siswa, nya éta kaparigelan maca jeung kaparigelan nulis. Di jenjang SD, aksara Sunda diajarkeun maca jeung nulis kecap. Di jenjang SMP, aksara Sunda diajarkeun maca jeung nulis kalimat. Sedengkeun di jenjang SMA, aksara Sunda diajarkeun maca jeung nulis kumpulan kalimah dina wangun paragraf.

Aksara Sunda anu ayeuna diajarkeun téh mangrupa aksara Sunda baku. Ieu aksara téh mangrupa hasil nyaluyukeun aksara Sunda Kuna anu dipaké pikeun nuliskeun basa Sunda kontemporer. Dina aksara Sunda baku, lain ukur konsonan asli basa Sunda wungkul nu aya, tapi konsonan anu mangrupa pangaruh ti basa deungeun ogé aya, saperti /f/, /v/, /x/, /q/, jeung /z/.

Umumna siswa teu apal kana aksara Sunda. Sanajan urang Sunda, tapi kana aksara Sunda mah lolobana teu apal. Ieu aksara téh mangrupa warisan karuhun Sunda pikeun ngawangun komunikasi tinulis jaman harita, tapi tara dipaké deui ku urang Sunda dina mangsa nu lila. Hartina, aksara Sunda geus kedeseh ku aksara séjén saperti aksara Latén dina ngawangun komunikasi tinulis masyarakat Sunda. Ukuran

apal henteuna siswa kana aksara Sunda bisa ditingal kana kamampuh siswa dina maca jeung nulis aksara Sunda di unggal jenjang atikan.

Materi aksara Sunda anu biasa diajarkeun ka para siswa biasana matok kana materi anu disusun dina buku bahan ajar. Dina ngajarkeun aksara Sunda, guru biasana ngacu kana éta buku. Dina buku bahan ajar, umumna aksara Sunda diwawuhkeun hiji-hiji dumasar kana kelompokna, nya éta aksara dasar, aksara swara, rarangkén, jeung angka. Ku sabab diajarkeunana hiji-hiji, kamampuh siswa dina maca jeung nulis aksara Sunda téh matak lila. Acan deui istilah-istilah anu aya dina rarangkén anu kudu diapalkeun ku siswa. Lantaran kitu kudu aya stratégi husus anu dijieun ku guru dina nepikeun matéri aksara Sunda supaya gampang jeung téréh kacangkem ku para siswa.

Numutkeun Iskandarwassid, spk (2016, kc. 29), dumasar kana kagiatan ngolah pesen atawa matéri, strategi pembelajaran bisa dibédakeun kana dua jinis, nya éta stratégi ékspositori jeung stratégi heuristik. Stratégi ékspositori mangrupa stratégi pembelajaran anu wangunna pedaran, boh mangrupa bahan tinulis atawa dina wangun verbal. Dina ieu stratégi, guru ngolah materi nepi ka tuntas saacan nepikeun éta matéri di kelas. Ari stratégi heuristik mah stratégi pembelajaran anu miboga siasat supaya sagala aspek tina komponén anu ngawangun sistem intruksional museur kana kaaktipan siswa, néangan jeung manggihan sorangan sagala kaayaan, prinsip, jeung konsep anu dipikabutuh.

Dumasar kana stratégi ékspositori, aksara dasar anu mangrupa aksara asli (18 aksara tina 23 aksara dasar) diolah jeung disusun jadi kekecapan anu gampang diapal siswa. Malahan kekecapan ieu téh diapalkeunana bisa bari dikawihkeun. Éta kekecapan téh nya éta BaPa NgaCa KaGa NaNya HaTaRaJaSa MaWaLa DaYa. Anapon 7 (tujuh) aksara swara disusun dumasar kana wangun anu mirip heula, nya éta aksara a, é, eu, i, e, u, jeung o. Rarangkén aksara Sunda anu jumlahna 13 disusun jadi hiji rumus anu leuwih sistematis dumasar kana fungsi rarangkénna, lain kana posisi rarangkén dina aksara ngalagena. Ngaran-ngaran rarangkén, saperti panyuku, panolong, jeng sajabana, henteu ditepikeun heula. Lamun ditingal kana fungsina,

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

rarangén dina aksara Sunda téh miboga fungsi 4 (opat), nya éta fungsi ngarobah sora, nyisisip sora, nambah sora, jeung maéhan sora vokal. Rumus éta rarangén téh nya éta 6R3S3T1M. Maksud 6R3S3T1M nya éta 6 (genep) tanda robah sora, 3 (tilu) tanda sisip sora, jeung 3 (tilu) tanda tambah sora, sarta 1 (hiji) tanda maéhan (pamaéh).

Aya sawatara panalungtikan anu geus dilaksanakeun ngeunaan aksara Sunda, di antarana waé: (1) “Kamampuh Nulis Aksara Sunda Ngagunakeun Métoheu Démonstrasi SMA Kelas X YAS Bandung” (Nur Kurnia Asih, 2008); (2) “Pangajaran Nulis jeung Maca Aksara Sunda Ngagunakeun Média Gambar Huruf Kaganga (Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas X SMA I Pasundan Bandung Tahun Ajaran 2008/2009” (Atin Supriatin, 2009); (3) “Keefektifan Model Make A-Macth dan Model Explicit Instructin dalam Pengajaran Menulis Aksara Sunda: Penelitian Eksperimen untuk Siswa Kelas X SMAN 1 Sukaresmi Tahun Ajar 2012/2013” (Elsi Juniar, 2013); (4) “Éféktivitas Métoheu Kolaborasi dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Ékspérimén Murni ka Kelas X SMAN 1 Warungkiara Tahun Ajaran 2013/2014)” (Dede Solihah, 2014); (5) “Média Strip Story dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Ékspérimén di Kelas X Saintek 1 SMA Laboratorium Percontohan UPI Tahun Ajar 2013/2014)” (Ranu Sudarmansyah, 2014); jeung (6) “Pangaruh Métoheu Iqra dina Pangajaran Maca Aksara Sunda Kana Kamampuh Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X AK SMK Pasundan Subang Taun Ajaran 2015/2016)” (Herni Apriani, 2016).

Panalungtikan anu geus dilaksanakeun di luhur lolobana aya patalina jeung kamampuh nulis aksara Sunda wungkul. Anu nekenkeun kana kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda mah ngan seutik, saperti panalungtikan “Pangaruh Métoheu Iqra dina Pangajaran Maca Aksara Sunda Kana Kamampuh Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X AK SMK Pasundan Subang Taun Ajaran 2015/2016)” (Herni Apriani, 2016).

Sarua jeung panalungtikan di luhur, ieu panalungtikan ogé aya patalina jeung kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda. Ngan aya bédana, nya éta dina stratégi

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

atawa métode anu dipaké. Lian ti éta, ieu panalungtikan maké studina ékspérimen murni, ari panalungtikan di luhur mah studina kuasi ékspérimén maké métode Iqra. Strategi anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nya éta stratégi pangajaran ékspositori, nya éta ngolah materi aksara Sunda ku cara nyusun aksara dasar jadi kekecapan anu bakal gampang diinget ku para siswa. Aksara swara disusun dumasara kana wangun anu mirip heula, jeung nyusun rarangkénna dumasar kana fungsina. Ku kituna ieu panalungtikan téh dijudulan “Stratégi Pangajaran Ékspositori pikeun Ningkatkeun Kamampuh Maca jeung Nulis Aksara Sunda (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII SMP Negeri Depok Taun Ajaran 2016/2017)” dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Sakumaha anu geus didadarkeun di luhur, kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda siswa tingkat SMP kawilang rendah, boh dina aksara dasar, aksara swara, rarangkén, jeung angka aksara Sunda. Stratégi nu dipaké guru dina ngajarkeun maca jeung nulis aksara Sunda umumna ngagunakeun stratégi *konvensional*, anu matok kana buku bahan ajar wungkul. Suméndér kadinya, ieu panalungtikan hayang mére hiji *alternatif* strategi pikeun guru dina ningkatkeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda.

Sawatara masalah anu dibahas dina ieu panalungtikan dirumuskeun di handap ieu:

- 1) Kumaha kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda pratés jeung pascaté ngagunakeun strategi pangajaran ékspositori ka siswa kelas VII SMP Negeri 2 Depok taun ajaran 2016/2017?
- 2) Kumaha kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus maké strategi *konvensional* ka Siswa Kelas VII SMP Negeri 2 Depok taun ajaran 2016/2017?
- 3) Naha aya bédana anu signifikan antara kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus maké strategi pangajaran ékspositori jeung strategi *konvensional*, sarta bédana anu signifikan kamampuh maca jeung nulis aksara

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sunda nu maké stratégi pangajaran ékspositori jeung nu maké stratégi *konvensional*?

- 4) Naha stratégi pangajaran ékspositori leuwih efektif pikeun ningkatkeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda batan stratégi *konvensional*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung rumusan masalah anu dipedar di luhur, tujuan umum ieu panalungtikan téh nya éta pikeun nguji strategi pangajaran ékspositoris dina pangajaran maca jeung nulis aksara Sunda.

1.3.2 Tujuan husus

Sacara husus tujuan anu hayang dihontal tina ieu panalungtikan téh nya éta ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus maké stratégi pangajaran ékspositori;
- 2) kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus maké stratégi *konvensional*;
- 3) béda henteuna kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus maké stratégi pangajaran ékspositori jeung stratégi *konvensional* sarta béda henteuna anu signifikan antara kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda sanggeus maké stratégi pangajaran ékspositori jeung stratégi *konvensional*; jeung
- 4) efektif henteuna stratégi pangajaran ékspositori pikeun ningkatkeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda ti batan stratégi *konvensional*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban tiori kaparigelan basa jeung tiori pangajaran basa Sunda, jeung bisa méré informasi pikeun

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sistem atikan, utamana dina milih métodeu atawa strategi anu leuwih efektif dina pangajaran maca jeung nulis aksara Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat praktis pikeun panalungtik, guru, siswa, jeung masarakat.

- 1) Pikeun panalungtik, ku ayana ieu panalungtikan, panalungtik bisa nguji *efektivitas* stratégi anu dipilih dina ningkatkeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda.
- 2) Pikeun siswa, hasil panalungtikan bisa jadi salah sahiji cara ningkatkeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda sarta meunang pangalaman stratégi pangajaran anu anyar.
- 3) Pikeun guru, bisa jadi bahan babandingan guru dina milih métodeu atawa stratégi pangajaran aksara Sunda.
- 4) Pikeun masarakat, ieu panalungtikan dipiharep bisa numuhkeun minat jeung karesep masarakat kana aksara Sunda.

1.5 Sistematika Laporan Panalungtikan

Ieu tésis téh disusun jadi lima bab. Bab I bubuka, Bab II ulikan pustaka, raraga mikir, jeung hipotésis, Bab III métodeu panalungtikan, Bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran, jeung Bab V kacindekan, implikasi, jeung saran.

Bab I Bubuka, eusina ngébréhkeun ngeunaan kasang tukang tina masalah anu baris ditalungtik, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, jeung sistematika laporan panalungtikan.

Bab II Ulikan Pustaka, Raraga Mikir, jeung Hipotésis, eusina ngawengku stratégi pengajaran ékspositoris, tiori maca, tiori nulis, tiori aksara Sunda, materi ékspositoris aksara Sunda, raraga mikir, jeung hipotésis.

Bab III Métođu Panalungtikan, eusina ngawengku desain panalungtikan, sumber data, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, téknik ngolah data, jeung uji sipat data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina mangrupa déskripsi tina hasil panalungtikan anu ngawengku kamampuh maca aksara Sunda kelas ékspérimén jeung kontrol, kamampuh nulis aksara Sunda kelas ékspérimén jeung kontrol, bédana kamampuh maca aksara Sunda kelas ékspérimén jeung kontrol, jeung bédana kamampuh nulis aksara kelas ékspérimén jeung kontrol, sarta pedaran tina hasil panalungtikan.

Bab V Kacindekan jeung Saran, mangrupa kacindekan tina hasil analisis data anu dipedar dina bab saméméhna. Lian ti éta, di ieu bab ogé diébréhkeun implikasi jeung sawatara rékoméndasi atawa saran pikeun kamekaran élmu pangaweuuh dina widang atikan jeung panalungtikan kaharepna.